



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN ONORAB HECTOR D. LASALLE POU LI VIN JIJ AN CHÈF KOU DAPÈL ETA NEW YORK LA

Yon jij ekspè, LaSalle pote eksperyans solid nan rechèch konsansis ak nan ogmante aksè ak jistis

Onorab Edwina G. Richardson-Mendelson ta sèvi kòm jij Administratif an Chèf

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te nonmen Onorab Hector D. LaSalle, Jij k ap Prezide Dezyèm Depatman Tribinal Siprèm New York la, kòm pwochen Jij an Chèf Kou Dapèl Eta New York la. Antanke Jij an Chèf, Jij LaSalle ta dirije pi wo tribinal New York la epi sipèvize tout branch jidisyè Eta a. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse gwo sipò li pou entansyon Jij LaSalle pou nonmen Onorab Edwina G. Richardson-Mendelson pou sèvi kòm Jij Administratif an Chèf, si Sena a konfime li. Jij Administratif an Chèf la sipèvize operasyon chak jou yo nan sistèm tribinal nan tout eta a.

"Tribinal Apèl New York la gen yon istwa long kòm yon flanbo pou jistis, epi Jij LaSalle se yon jiris eksepsyonèl nan tradisyon sa a. Li gen konpetans, eksperyans, ak entèlijans pou asire ke yo wè pi gwo tribinal nou an kòm yon lidè atravè tout peyi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jij LaSalle gen yon bon repitasyon kòm yon moun k ap chèche yon konsansis, e mwen konnen li ka ini tribinal la nan sèvis jistis la. Li te dirije pi gwo tribinal apèl eta a nan peyi a ak efikasite, epi an patenarya ak Jij Richardson-Mendelson, mwen konnen li pral konsantre sou elaji aksè ak jistis pou Nouyòkè yo Tribinal eta nou yo pi enpòtan kounye a pase tout tan nan sa ki gen pou wè ak pwoteje dwa nou yo ak defann valè New York yo, e mwen konnen Jij LaSalle pral dirije tribinal la pou fè sa."

"Mwen enb pa nominasyon Gouvènè Hochul la, epi mwen remèsye li pou gwo onè sa a. Mwen angaje pou m dirije Tribinal la ak entegrite ak jistis, defann jistis, ak pwoteje dwa Nouyòkè yo", **Jij LaSalle te deklare,** "Si yo konfime, mwen planifye pou nonmen Onorab Edwina G. Richardson-Mendelson pou sèvi kòm Jij Administratif an Chèf, epi mwen ta gen onè pou m travay avèk li pou fè tribinal nou yo fonksyone yon fason efikas ak efisyan jan sa posib pou amelyorasyon tout Nouyòkè yo."

Antanke Jij k ap Prezide Dezyèm Depatman an depi 2021, Jij LaSalle te dirije kou dapèl eta a ki pi okipe a ak pi gwo nan nasyon an, avèk 21 Jij Asosye, plis pase 400 anplwaye non jidisyè, ak yon bidjè ki apeprè 69 milyon dola. Yo te nonmen li jij asosye nan

Dezyèm Depatman an 2014, apre li te eli kòm yon jij Tribinal Siprèm Eta New York an 2008.

Anvan sa, Jij LaSalle te sèvi kòm yon avoka distri asistan nan Biwo Pwokirè Distri Konte Suffolk la soti 1993 rive 1998 ak soti nan 2002 rive 2008, lè li te chèf biwo adjwen nan Biwo Envestigasyon Espesyal la. Ant ane li yo nan biwo DA a, li te travay kòm yon asosye nan Ruskin Moscou Faltishek, P.C. soti 1998 rive 1999 e li te yon Asistan Pwokirè Jeneral depi 1999 rive 2002.

Si yo konfime li, Jij LaSalle ta fè listwa kòm premye Jij Latino an Chèf. Paran li yo te fèt nan Pòtoriko, epi li te grandi nan Long Island, li te gradye nan Brentwood High School epi li te vin premye moun nan fanmi li ki te resevwa yon diplòm kolèj. Jij LaSalle te resevwa yon diplòm lisans nan Pennsylvania State University an 1990 e li te resevwa yon diplòm dwa nan University of Michigan Law School an 1993. Li se yon manm Asosyasyon Bawo Eta New York (New York State Bar Association), Asosyasyon Bawo Konte Suffolk (Suffolk County Bar Association), Asosyasyon Jij Latino NYS (NYS Latino Judges Association) ak Asosyasyon Bawo Pòtoriko (Puerto Rico Bar Association)

Onorab Edwina G. Richardson-Mendelson se Jij Administratif an Chèf Adjwen Sistèm Tribinal Inifye New York (New York Unified Court System) la pou Inisyativ Jistis depi 2017 ak Jij Tribinal Reklamasyon yo. Nan wòl sa a, li travay pou asire aksè enpòtan nan jistis pou tout Nouyòkè nan tribinal sivil, kriminèl ak tribinal pou fanmi yo, kèlkeswa revni, orijin oswa kapasite. Jij Richardson-Mendelson dirije tou Inisyativ Jistis Egal nan Tribinal (Equal Justice in Courts Initiative) pou aplike rekòmandasyon Konseye Espesyal sou Jistis Egal, Jeh Johnson, sou prejije rasyal nan sistèm tribinal eta a, epitou pou aplike rekòmandasyon Komite Jidisyè Eta New York sou Fanm nan Tribinal yo pou amelyore ekite seksyèl nan Tribinal Eta New York yo. Yo te nonmen Jij Richardson-Mendelson nan Tribinal Reklamasyon an nan ane 2017 epi li rete aktif nan pozisyon an. Jij Richardson-Mendelson te premye rantre nan sistèm tribinal la kòm yon Avoka-Abit Tribinal nan (Tribinal Familyal Konte Queens (Queens County Family Court) lan, apre li te reprezante kliyan nan Tribinal Lojman Vil New York (New York City Housing Court), Tribinal Familyal, ak Tribinal Siprèm lan. Li te vin yon Jij Tribinal Familyal an 2003, Jij Tribinal Familyal Konte Queens an 2008, epi yon ane apre, li te moute kòm Jij Administratif nan tout Tribinal Familyal Vil New York yo. Jij Richardson-Mendelson gradye nan CUNY Law School, li gen yon Ph.D. nan Jistis Kriminèl, e li te yon pwofesè adjwen nan John Jay College of Criminal Justice ak Hofstra Law School.

Se lalwa ki regle pwosesis seleksyon Jij an Chèf Tribinal Apèl la, epi se Komisyon sou Nominasyon Jidisyè Eta a ki dirije li. Komisyon an voye bay Gouvènè a yon lis ki gen sèt kandida, ladan li dwe chwazi yon kandida pou li nonmen.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)